

**Pak peyi Lafrans ak peyi Dayiti pou kontwòl migrasyon an:
Anpil Ayisyen kap viv Lafrans, Gwadeloup, Giyan pral depòte an Ayiti**

Nou di tout moun bonjou.

Migran lòt bò dlo (Mom se ti non jwèt li an) se yon kolektif 13 asosyasyon fransez ki mare tèt yo pou defann dwa migran etranje yo kap viv Gwadeloup, Giyan, Mâtinik, Sen Mâten ak lòt ti zilè Lafrans yo.

Mom vle fè sitwayen ayisyen ak òganizasyon ayisyèn ki ap travay sou kesyon sa yo konnen peyi Lafrans ap negosye yon Pak ak peyi Dayiti sou kesyon migrasyon. Pak sila rele « Akò re-admisyon » ki vle di « Akò depòtasyon ». Akò sa a pral otorize administrasyon fransez la voye Ayisien ki pa gen visa oswa kàt residan ale toune ann Ayiti plop plop san jijman.

Si gouvènman Dayiti a siyen pak sila a, l ap yon danje pou Ayisien kap viv Lafrans san otorizasyon, epi tou se yon danje pou fanmi migran yo ki ap degaje yo ann Ayiti ak lajan migran ap voye bay yo.

Se pou tèt sa, **Platfòm asosyasyon fransez ak ayisyen (PAFHA) ak Linyon asosyasyon latinoamerikèn nan peyi Lafrans** ap kore **Mom** pou enfòmè sosiyete sivil ayisyèn lan sou akò sila a.

Peyi Lafrans li egzije akò sila a, li ekri sa aklè nan yon dokiman ofisiel ki rele « Kad pàtenarya peyi Lafrans - peyi Dayiti 2008-2012 (chapit «Imigrasyon ak kodèvelopman¹»).

Ambasad Lafrans toujou fè tout moun konnen lè li bay Ayiti yon ti finansman. Epi tou li bat bravo pou tèt li tout kote li pase, paske li ap fè « kodèvelopman ». Men lòt fas meday la montre li pa bat tanbou rasanbleman pou vinn wè ki kalite Akò li ap fè pou renfòse batay l ap mennen kont migran ayisien kap chache lavi lòt bò dlo.

Se pa premyè fwa peyi Lafrans vle fè Pak sila ak yon peyi pov ki depann anba èd dèvelopman an : Gabon, Latinizi, Benen, Senegal, Cap-Vèt la, Sent Lisi, Ladominik, Brezil, Sirinam elatriye. Jodi an, yap chita pale ak Ayiti, Filipin, Kamroun, Mali (plizyè fwa gouvènman Mali di non yo pap siyen l). Anjeneral, Pak kontwòl migrasyon gen 3 pàti:

- 1^e parti ki konsène «migrasyon legal» . Li prevwa konbyen viza peyi Lafrans ap bay chak lane, konbyen kàt rezidan, konbyen kàt etidyan. Chif sa li pa anpil: Congo ak Benen yo jwenn 150 kàt, Latinizi li genyen 1500.
- 2^e pàti li chita sou imigrasyon ilegal. Li prevwa peyi kap siyen Pak la oblije akspete depoté Lafrans ap voye toune, menm si migran depòte yo pa gen paspò.
- 3^e pati pàle sou kodèvelopman, konbyen lajan yap bay pou ONG yo. **Mom** konstate kob sa a pap janm rive nan nivo kob transfè migran yo lakay yo.

1 Disponible sur : http://www.diplomatie.gouv.fr/fr/pays-zones-geo_833/haiti_513/france-haiti_1218/cooperation-culturelle-scientifique-technique_4657/document-cadre-partenariat-france-haiti-dcp-2008-2012_59439.html

Collectif **mom**
C/o Gisti, 3 villa Marcès, 75011 Paris

ADDE › avocats pour la défense des droits des étrangers | **AIDES** | **Anafé** › association nationale d'assistance aux frontières pour les étrangers | **CCFD** › comité catholique contre la faim et pour le développement
Cimade › service œcuménique d'entraide | **Collectif Haïti de France** | **Comede** › comité médical pour les exilés
Gisti › groupe d'information et de soutien des immigrés | **Elena** › les avocats pour le droit d'asile
Ligue des droits de l'homme | **Médecins du monde** | **Mrap** › mouvement contre le racisme et pour l'amitié entre les peuples | **Secours Catholique** / **Caritas France**

Men kèk konsta **Mom** fè kòm òganizasyon kap defann dwa migran yo :

1- **Mom** konstate Pak kontwòl migrasyon yo, yo pa ekritab: se ti kras lajan kòdevlpman yo bay ak kèk viza pou moun ki gen mwayen, ki gen lisans alòske se pa de migran kap chache lavi yo pral depòte nan peyi kote pa gen travay, pa gen lespwa.

2- Peyi Lafrans li pa pou kont li nan lojik sa a. Litali, Lespay deja siyen anpil akò sayo ak Lalibi, Latinizi, Lejipt, anpil peyi Lafrik. Kidonk, anpil migran san otorizasyon deja depòte. Epi, jan peyi Leurop depòte moun pov sayo, sa viole diyite migran yo. Violasyon sayo te denonse nan plizyè rapò: Migreurop² Amnesty international: detansyon pwolonje ilegal, move tretman, depòte timoun ki pa gen papa ki pa gen maman.

3- Lane 2007, peyi Lafrans depòte plis pase 50 000 migran. Mwatye nan yo tap viv nan ti zilè Lafrans yo. Majorite Aisyen kap viv Lafrans se nan zilè sayo yo rete ak Giyan la tou. Gen yon milyon moun kap viv Giyan, Gwadloup, Mâtinik, Sen Mâten. Gen 38% migran legal (ki gen viza oswa kâd rezidan oubyen kâd etidyan) epi genyen tou 57000 migran ilegal san otorizasyon, kidonk 21000 Aisyen ladann yo.

4- Lane 2007, 67% migran Gwadeloup te depòte, se Aisyen yo te ye.³

Si Gouvènman Dayiti aksepte siyen akò sila, se plis toujou Ayisien Lafrans pral depòte, se plis fanmi ayisyèn ki pral nan traka.

Anbasad Lafrans ak gouvènman Dayiti dwe transparan, yo dwe di kisa yap negosye egzakteman, paske Akò la pral mèt andanje lavi anpil fanmi.

Tankou yo fè l nan peyi Mali a, sosyete sivil ayisyèn ak fransèz yo dwe mare tèt yo pou goumen kont Akò depòtasyon. Sitwayen aisyen ak fransè yo dwe mande gouvènman yo sa yo fè nan do yo epi di popilasyon ayisyèn nan sitiyasyon l ap vinn pi mal toujou si yap depòte migran kap fè ti lajan lòt bò dlo.

Tanpri, nou bezwen rete ann kontak, echanje lide nou yo, mare fòs nou, nou mèt ekri:
contact@collectif-haiti.org.

Migrants outre-mer: www.migrantsoutremer.org

Plateforme des associations franco-haïtiennes: <http://haitiensefrance.online.fr>

Union d'associations latino-américaines en France: www.unionlatinos.org

2 Voir www.migreurop.org

3 Tous ces chiffres, exceptée l'estimation des Haïtiens sans-papiers, sont issus du rapport au Parlement du Secrétariat général du comité interministériel de contrôle de l'immigration, décembre 2008,
<http://lesrapports.ladocumentationfrancaise.fr/BRP/094000036/0000.pdf>

Collectif **mom**

C/o Gisti, 3 villa Marcès, 75011 Paris

ADDE › avocats pour la défense des droits des étrangers | **AIDES** | **Anafé** › association nationale d'assistance aux frontières pour les étrangers | **CCFD** › comité catholique contre la faim et pour le développement
Cimade › service œcuménique d'entraide | **Collectif Haïti de France** | **Comede** › comité médical pour les exilés
Gisti › groupe d'information et de soutien des immigrés | **Elena** › les avocats pour le droit d'asile
Ligue des droits de l'homme | **Médecins du monde** | **Mrap** › mouvement contre le racisme et pour l'amitié entre les peuples | **Secours Catholique** / **Caritas France**